

Sesyon 7a: Motivasyon etidyan yo

Atelye sou edikasyon ki san baryè
& ki kore ak teknoloji
Kanpis Henry Christophe UEH
Limonad, Haiti
16 jen 2016

dapre
Dr. Glenda Stump
Ekip MIT-Ayiti

Paul ak Michel

Ou gen 2 etidyan – Paul ak Michel – ki toujou la nan klas Chimi w lan regilyèman, yo remèt devwa yo atan, epi an jeneral yo sanble y ap “degaje yo byen” selon jijman pa w.

Sa kontinye konsa jiskaske tou 2 etidyan yo resevwa yon vye nòt ba anpil nan premye egzamen an.

Aprè egzamen an, Paul vin nan biwo w epi li mande w sigjere l diferan fason pou l etidye ki ta kapab ede l aprann materyèl la.

Li di, “Klas sa a diferan ak tout lòt mwen te deja pran yo. Mwen konnen m kapab aprann materyèl la si m annik chanje apwòch mwen epi konsakre yon ti tan anplis sou li.”

Paul di w tou li pral aplike pou lekòl de medsin nan dezyèm semès la, e li konnen li pral bezwen gen yon bon konpreyansyon nan Chimi pou l vin yon bon doktè.

Michel kòmanse aji yon fason diferan apre premye egzamen an. Li rate kou, epi lè l ale nan sesyon gwoup etid yo, li rete la yon bout tan jis pou l annik poze kèk kesyon limite sou fason pou l kab fin fè 2–3 pwoblèm nan devwa ke yo bay la.

Ou pa fin sèten. Men, sanble li t ap eseye triche nan yon egzamen. Sa pa t mache.

Li finalman lage klas la, epi lè w mande l pou ki sa l fè sa, li di w, “Mwen te panse m te kapab reyisi. Men, m sipoze mwen te mal kalkile. Pa gen chimis nan fanmi m. Mwen tou senpleman pa bon nan Chimi.”

(Adapte sou Stump, G.S., Husman, J., & Corby, M. (2014 November). Beliefs that motivate. *JEE Selects: ASEE Prism*, 24(3), 39.)

Paul



Michel



Objektif ke aprantisaj la vize

Lè n rive nan fen sesyon an, nou pral kapab:

–**dekri** kòman konviksyon etidyan yo sou pwòp abilite yo enfliyanse jan y apwoche aprantisaj.

–**dekri** senk fason pou w kore motivasyon etidyan w yo pou yo aprann.

Aktivite

- Separe an ti gwoup ki gen 2–3 moun
- Diskite tout faktè ki ta kapab enfliyanse konpòtman Michel
 - Ki sa w ta di Michel?
 - Ki sa w ta fè pou li?

Motivasyon se...

- Yon dispozisyon entèn
- Sous
 - Anndan yon moun
 - Deyò yon moun



https://en.wikipedia.org/wiki/Shallow_foundation

Konviksyon sou abilite (Kwayans)

- Konviksyon kòm antite (Kwayans nan pwen fiks)
 - abilite se yon don yon moun fèt avè l.
 - Reyaksyon devan difikilte oswa echèk
 - Yo kwè yo pa gen abilite a ankò
 - Asirans yo nan domèn lan bese
 - Pa gen jefò oswa gen jefò tou piti

(Dweck & Master, 2009)

Konviksyon sou abilite (Kwayans)

- Konviksyon k ap ogmante (Kwayans nan pwogrè) – abilite ka amelyore gras a tan epi jefò
 - Reyaksyon devan difikilte oswa echèk
 - Yo kwè yo kapab fè pi byen si yo mete plis jefò oswa yo pran yon apwòch diferan
 - Asirans yo nan domèn lan rete menm jan.

(Dweck & Master, 2009)

Konviksyon sou abilite (Kwayans)

- Pou kore motivasyon etidyan yo
 - Souliyen jan materyèl klas la kab difisil, epi jan aprantisaj mande jefò epi/oswa revizyon nan estrateji pou aprann.
 - Rapòte temwayaj sou lòt etidyan ki petèt te nan goumen pou yo aprann; men, ki reyisi paske yo te mete plis jefò.
 - Evite fè konpliman pou entèlijans

(Stump, Husman & Corby, 2014)

Enterè epi enpòtans travay la

- Enterè (Hidi & Renninger, 2006)
 - Li enfliyanse konsantrasyon etidyan an, objektif li yo, epi si l ap aprann an pwofondè.
 - Sitiyasyonèl – jeneralman tanporè oswa pou yon tan kout
 - Pèsonèl – jeneralman dire pou yon peryòd tan pi long
- Enpòtans travay la (Wigfield & Eccles, 1992)
 - Enpòtans konteni pou etidyan an aprann lan
 - Enpòtans imedyat
 - Enpòtans pou objektif li alavni

Enterè & Enpòtans Tach la

- Pou kore motivasyon etidyan yo:
 - Si kontni an gen yon rapò kèlkonk ak reyalite etidyan yo, y ap devlope yon enterè sitiyasyonèl – ki kapab mennen yon enterè pèsonèl (yo di tou enterè endividyèl)
 - Si n sèvi ak egzanp ki montre materyèl la gen rapò ak lavi toulèjou etidyan yo oswa ak objektif yo alavni, sa pral ogmante enterè yo pou travay la

Objektif yo

- Objektif etidyan yo enfliyanse konpòtman yo lè y ap aprann
 - **Ojektif pou aprantisaj** – Konsantre sou devlopman metriz tach la oswa sou konpreyansyon materyèl la
 - **Objektif pou pèfòmans** – konsantre sou pèfòmans an konparezon ak lòt, fè pi gwo nòt pase tout moun

(Elliot & Dweck, 1988)

Objektif yo

- Pou kore motivasyon etidyan yo:
 - Ankouraje oswa ede yo fikse objektif ki rezonab
 - Ede yo separe pwojè ki laj anpil yo tounen ti tach ki pi piti
 - Objektif sere kole oswa ki mande ti tan kout pi bon
 - Egzanp: kapab esplike yon konsèp difisil, kapab rezoud pwoblèm nan devwa yo ba w lakay

(Latham & Locke, 2007)

Asirans nan yon domèn

- Asirans ou nan yon domèn – Konviksyon nan abilite w pou w konplete yon travay ak siksè
 - Diferan de konfyans nan tèt you
 - Konfyans nan tèt ou – santiman jeneral sou abilite w
 - Asirans ou nan yon domèn – Konfyans nan abilite w pou w fè yon tach ki espesifik – pa egzanp, rezoud pwoblèm nan kalkil entegral, ekri yon diskou pou pèsyade moun

(Bandura, 1996; Pajares, 1996)

Asirans nan yon domèn

- Asirans ou nan yon domèn – Konviksyon nan abilite w pou w komplette yon tach ak siksè
 - Li an rapò ak chwa tach ki fasil oswa difisil, jefò yo deplwaye, pèsistans yo apre echèk
 - Nivo asirans etidyan yo pou yo akonpli objektif aprantisaj yo nan yon domèn gen yon relasyon ak kantite tan etidyan yo pase ap etidye pou yon egzamen – li enpòtan pou yo gen estimasyon ki kòrèk sou abilite yo

(Bandura, 1996; Pajares, 1996)

Asirans nan yon domèn

- Pou kore motivasyon etidyan yo:
 - Pouse pi wo nivo asirans yo nan domèn lan (estimasyon kòrèk)
 - Fè yo fè eksperyans jouk yo rive gen metriz tach la
 - pratik ak fidbak
 - Raple etidyan yo siksè yo te genyen anvan ak tach sa a (si posib)
 - Pèmèt yo obsève yon kanmarad ki gen menm nivo abilite ak yo pandan l ap konplete tach la ak siksè.

Atribisyon yo ak kontwòl

- Atribisyon yo – Divès rezon yo bay pou reyisit oswa echèk (Weiner, 1972)
 - Li gen enpak sou lòt tantativ etidyan yo pral fè pi devan pou yo aprann
 - Atribisyon ekstèn
 - Sous li se nan anviwonman alantou nou
 - Etidyan an pa gen kontwòl sou sa; pa egzanp “move pwofesè” oswa “egzamen an te two rèd” (Weiner, 1972)

Atribisyon yo ak kontwòl

- Atribisyon yo – Divès rezon ke yo bay pou reyisit oswa echèk (Weiner, 1972)
 - Atribisyon entèn
 - Sous li se anndan etidyan an
 - Etidyan an gen kontwòl sou sa; pa egzanp, estrateji nan etid, kreye tan pou etidye
 - Atribisyon ki entèn, ki kontwolab, epi ki pa stab makònen ak pi wo nivo motivasyon

(Weiner, 1972)

Atribisyon yo ak kontwòl

- Pou kore motivasyon etidyan yo:
 - Chanje direksyon tout atribisyon negatif yo
 - Mande etidyan yo kòman yo etidye materyèl la, oswa kòman yo prepare pou tès yo; endike kisa yo kapab fè yon lòt jan lè y ap prepare

Kesyon

- Poukisa Paul ak Michel diferan tèlman?
- Koman w ta dwe reponn nan ka Michel lan?
- Koman w kapab ede pou anpeche reyaksyon Michel lan rive?

Motivasyon pou aprann

Li chanje sou enfliyans

- Konviksyon sou abilite (Kwayans)
- Enterè
- Enpòtans tach la
- Objektif yo
- Asirans nan domèn lan
- Atribisyon
- Kontwòl sou aprantisaj la

References

- Bandura, A. (1997). *Self-efficacy: The exercise of control*. New York: Freeman.
- Chi, M.T.H. (2000). Self-explaining expository texts: The dual processes of generating inferences and repairing mental models. In Glaser, R. (Ed.) *Advances in Instructional Psychology*. Mahwah, NJ: Lawrence Erlbaum Associates, pp. 161-238.
- Deci, E. L. & Ryan, R. M. (2000) 'The "What" and "Why" of goal pursuits: Human needs and the self-determination of behavior. *Psychological Inquiry*, 11(4), 227 – 268. DOI: 10.1207/S15327965PLI1104_01
- Dweck, C.S., & Master, A. (2009). Self-theories and motivation: Students' beliefs about intelligence. *Handbook of motivation at school*, p. 123-140. Kathryn R. Wentzel & Allan Wigfield (eds.). New York: Routledge.
- Elliot, E.S., & Dweck, C.S. (1988). Goals: An approach to motivation and achievement. *Journal of Personality and Social Psychology*, 54(1), 5-12.

References (continued)

- Hidi, S. & Renninger, K.A. (2006). The four phase model of interest development. *Educational Psychologist, 41*(2), 111–127.
- Latham, G.P., & Locke, E.A. (2007). New Developments in and Directions for Goal-Setting Research *European Psychologist, 12*(4), 290–300.
- Pajares, F. (1996, Winter). Self-efficacy beliefs in academic settings. *Review of Educational Research, 66*(4)., 543-578.
- Stump, Husman, & Corby. (2014). Engineering students' intelligence beliefs and learning. *Journal of Engineering Education, 103*(3), 369-387.
- Stump, G.S., Husman, J., & Corby, M. (2014 November). Beliefs that motivate. *JEE Selects: ASEE Prism, 24*(3), 39.
- Weiner, B. (1972). Attribution Theory, Achievement Motivation, and the Educational Process. *Review of Educational Research, 42*,(2) 203-215.
- Wigfield, A., & Eccles, J. S. (2000). Expectancy-value theory of achievement motivation. *Contemporary Educational Psychology, 25*, 68–81.